ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# A.DÁWLETMURATOVTIŃ ‘HÁR ZAMANǴA BIR ZAMAN’ ROMAN-ESSESINDE JANRLIQ SINTEZ HÁM TARIYXIY HAQIYQATLIQ”

**Matekov Amangeldi Daryabaevich**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti erkin izleniwshisi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.22237011

***Annotaciya.*** *Bul maqalada házirgi zaman qaraqalpaq ádebiyatındaǵı roman-esse janrınıń rawajlanıwı, onıń ózgeshelikleri hám A. Dáwletmuratovtıń “Hár zamanǵa bir zaman” shıǵarmasınıń janrlıq-stilliq ózgeshelikleri talqılanadı. Shıǵarmadaǵı tariyxıy waqıyalardıń, folklorlıq elementlerdiń hám memuarlıq esteliklerdiń sintezi, avtorlıq bayanlawdıń fragmentarlıq usılı hám tariyxıy tulǵalar obrazınıń beriliwi analiz etiledi. Sonday-aq, shıǵarmanıń T. Qayıpbergenovtıń “Qálbimniń qamusı” shıǵarması menen janrlıq uqsaslıqları hám parıqları sáwlelenedi.*

***Gilt sózler:*** *roman-esse, tariyxıylıq, kórkemlik, folklor, memuar, sintez, fragmentar bayanlaw, Allambergen Dáwletmuratov, qaraqalpaq prozası.*

**I. Kirisiw**. Házirgi zaman qaraqalpaq prozasında janrlardıń óz-ara sintezi hám kórkem-hújjetli formalardıń rawajlanıwı ádebiyattanıwdıń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp esaplanadı.

Ádebiy processlerdiń evolyuciyası kórkemlik hám mazmunlıq jańalanıwlardı talap eter eken, “roman-esse” janrı tariyxıy haqıyqatlıqtı kórkem bayanlaw, publicistikalıq oy-pikirlerdi hám memuarlıq esteliklerdi folklorlıq dástúrler menen úylestiriw arqalı ózgeshe kórkemlik keńislik jaratadı. Bul baǵıtta Allambergen Dáwletmuratovtıń “Hár zamanǵa bir zaman” roman-essesi ayrıqsha orın tutadı. Shıǵarma óziniń janrlıq tábiyatı jaǵınan roman-esse janrınıń klassikalıq úlgilerine sáykes keledi hám ol qaraqalpaq ádebiyatındaǵı hújjetli prozanıń kórkemlik dárejesin kórsetedi. Jazıwshı anıq tariyxıy tulǵalarǵa hám waqıyalarǵa súyene otırıp, olardı avtorlıq talqılawlar, ishki tolǵanıslar hám qaharmanlardıń minez-qulqın tereńirek ashıw arqalı kórkem shıǵarma dárejesine kóteredi.

Maqalanıń tiykarǵı maqseti – “Hár zamanǵa bir zaman” shıǵarmasınıń janrlıq-strukturalıq ózgesheliklerin, tariyxıylıq penen kórkemliktiń úylesiwiniń qırların ashıp beriw.

Sonday-aq, shıǵarmadaǵı tariyxıy waqıyalardıń insan taǵdiri menen baylanısı, folklorlıq ańızlar hám memuardıń janrlıq sintezleniwin tallaw arqalı, onıń qaraqalpaq ádebiyatındaǵı intellektuallıq proza rawajlanıwındaǵı ornın belgilewden ibarat. Bul dóretpe tek ǵana ótmishti bayanlaw emes, bálki xalıq mentaliteti, tariyxıy haqıyqatlıq hám insanıylıq qádiriyatlardı búgingi kún turǵısınan bahalawshı filosofiyalıq-hújjetli roman-esse bolıp tabıladı.

**Discussion.**A. Dáwletmuratovtıń “Hár zamanǵa bir zaman” roman-essesi [1] on bólimnen ibarat bolıp, shıǵarmanıń baslanıwı avtordıń tuwılǵan jeri – “Besinshi awıl” (Oymawıt awılı) tábiyatın súwretlewden baslanadı. Jazıwshı “Watandı súyiw – iymannandur” degen aforizmdi negizge ala otırıp, tuwılǵan jerdiń hár bir nársesi, onıń adamları hám ózgeshelikleri insan ushın eń qımbatlı qádiriyat ekenligin uqtıradı.

Shıǵarma tek kórkem qıyal emes, bálki tariyxıy-hújjetli roman-esse retinde qaraqalpaq xalqınıń XX ásirdegi turmıslıq tájiriybesin, xalıqlıq dúnyatanımın hám jeke tulǵanıń qáliplesiw jolın kórkemlik penen bayanlaydı.

Janrlıq tárepten shıǵarma tariyxıy haqıyqatlıqtı kórkem bayanlaw menen ushlastırıwı menen ózgeshelenedi. Avtor anıq tariyxıy tulǵalarǵa hám waqıyalarǵa súyenedi, biraq waqıyalar tek xronologiyalıq izbe-izlikte emes, bálki avtorlıq talqılawlar, ishki tolǵanıslar hám qaharmanlardıń minez-qulqın tereńirek ashıw arqalı kórkem shıǵarma dárejesine kóteriledi.

Mısalı, Oymawıt, Keneges, Nókis sıyaqlı urıwlardıń kelip shıǵıwı haqqında ilimiy hám folklorlıq derekler, “Edige” dástanınan úzindiler, Berdaq, Shoqan Wálixanov hám Abulgazı Bahadurxan sıyaqlı ullı tulǵalardıń pikirleri shıǵarmanıń tariyxıylıq qatlamın bayıtadı.

“Besinshi awıl” bóliminiń úlken bir bólegi Maman biyge baǵıshlanǵan. Xiywa xanı Muxammed Raxim xan menen bolǵan sóylesiwleri, xalıqtıń abadanshılıǵı ushın shegaralardı belgilew hám suw máselelerin kóteriwi arqalı avtor onıń basshılıq hám diplomatiyalıq qábiletin sheber ashıp beredi. Avtor ótmish waqıyalarǵa tek retrospektiv kózqaras penen emes, bálki óziniń áskeriy xızmet jıllarında Moskvada júrip, awılı menen maqtanıwı, jerlesleriniń hawazların, naqıl-sózlerin hám Ibrayım Yusupovtıń qosıqların eske alıwı arqalı jetkeredi. Bul jerde avtorlıq bayanlaw, tariyxıy derekler hám esselik oy-tolǵawlar bir-biri menen tıǵız úylesken.

Shıǵarmadaǵı esse janrınıń elementleri oǵan erkinlik penen filosofiyalıq mazmun beredi.

Avtor hár bir waqıyanı bayanlay otırıp, onnan turmıslıq sabaq shıǵaradı hám zamannıń ózgeriwi menen insan taǵdiriniń baylanısın talqılaydı. Shıǵarma gúwa yaki xalıq yadında saqlanǵan áńgimelerdi jetkeriwshi avtorlıq poziciya arqalı anıqlıq hám isenimlilikke iye boladı, bul bolsa onı ápiwayı tariyxıy kitaptan kórkem dóretpege aylandıradı.

**Results.** Allambergen Dáwletmuratovtıń shıǵarmasındaǵı fragmentarlıq struktura Mixail Baxtinniń “polifoniyalıq roman” [2] teoriyasına sáykes keledi, sebebi avtor waqıyalardı xronologiyalıq izbe-izlikte emes, al tariyxıy-sociallıq qatlamlar arqalı kóp qırlı etip ashıwǵa umtıladı. Sonday-aq, tariyxıy tulǵalardı súwretlewde Jorj Lukachtıń “tariyxıy tip” [3] jaratıw prinsiplerine say, bul bolsa shıǵarmanıń kórkem-hújjetli tárepin arttıradı. Al, shıǵarmadaǵı esselik oy-tolǵawlar Teodor Adornonıń “esse – filosofiyalıq izlenis” [4] degen kózqarasın dálilleydi."

Roman-esseniń “Túrkstannan kóshkende” dep atalǵan bólimi qaraqalpaq xalqınıń turmısındaǵı ustashılıq kásibiniń tariyxın, onıń payda bolıwın hám ustalardıń sheberligin kórkem bayanlaydı. Bul bólim arqalı qaraqalpaq shańaraqlarında kásip tańlaw miyrası, yaǵnıy ata kásiptiń balasına úyretilip, sol shańaraqtıń bir kásiptiń mamanları bolıp jetilisiwi ayrıqsha atap ótiledi.

Ustashılıq kásibiniń payda bolıwı xalıq ańızları menen tıǵız baylanıstırılǵan. Avtordıń babası Alǵazı baydıń Túrkstannan kóship kelip, Oymawıt awılına tiykar salıwı hám onıń ulı Nurǵazınıń sahrada bir ǵarrıǵa (baba) suw berip, oǵan pátiya alıwı, keyinirek ǵayıptan payda bolǵan kórik penen temirlerdiń oǵan kásip úyretilwi – shıǵarmanıń miflik-poetikalıq qatlamın quraydı.

Ustalar xalıq arasında ápsana qaharmanlarına aylanǵan. Mısalı, “Oymawıttan ul tuwdı degenshe, temirge kún tuwdı deseńshi” degen xalıq sózi sol dáwirlerden qalǵan bolıp, ustalardıń jámiyettegi ornı qanshelli joqarı bolǵanınıń dálili esaplanadı.

Roman-essede usta Durıstıń sheberligi haqqındağı waqıyalar ózgeshe tásirli súwretlengen. 1888-jılı Ámiwdárya boyında poezd kósheri sınıp qalǵanda, basqa ustalardıń qolınan kelmegen jumıstı Durıs usta óziniń arnawlı temir sınaları hám kesiw usılları menen ońlap beredi hám poezd baslıǵınan "Raxmetnama" aladı.

Ustalardıń óz kásibine degen húrmeti hám adamgershilik principleri shıǵarmada ayrıqsha kórsetiledi. Bir bay kisen kesetuǵın asbap soǵıp beriwdi soraǵanda, usta Durıs onıń jaman niyetin (at urlawdı gózlegenin) bilip qalıp, asbaptı sındırıp taslaydı. Sonday-aq, Atalıq Ernazardıń buyırıǵı menen Ótesh batırǵa soǵıp bergen qanjarınıń qattılıǵın kórsetiw ushın, usta onı temir sapqa urıp, kesip kórsetedi. Bul waqıyalar ustalardıń tek sheber emes, bálki haqıyqatshıl hám ruwxıy taza insan bolǵanın tastıyıqlaydı.

Xalıq ustaxananıń ornın kiyeli jer dep sanaydı. Qızıǵı, avtordıń jasagan dáwirlerinde de awıl adamları ustaxana jaylasqan tóbeshiklerden keshte shókkish dawısın, adamlardıń sóylesken hawazın esitip júrgenligin aytadı. Awıl adamları bul jerdi buzılıwdan qorǵap qásterleydi, sebebi onı "Házireti Dawıttıń dúkanı" dep biledi. Bul áńgimeler ata-babalar kásibi arqalı xalıqtıń tariyxın, onıń ruwxıy baylıǵın hám ustashılıq óneriniń áhmiyetin kórsetip beriwge umtıladı. Ulıwma alǵanda, bul bólim – xalıqtıń kásip-ónerge degen múnásebeti hám milliy qádiriyatlardı saqlawdaǵı ruwxıy miyrasınıń ornın kórsetedi.

Roman-essede qaraqalpaq xalqınıń tariyxında óshpes iz qaldırǵan ullı tulǵa Ernazar atalıq Qabıl ulınıń ómiri hám iskerligi ayrıqsha orın tutadı. (1818-1897) jılları jasaǵan, keneges ruwınan shıqqan bul siyasatshı óz dáwiriniń bilimli hám uzaqtı kóre alatuǵın basshısı bolǵan. Ol 1859-jılı qaraqalpaq biyleri arasında birinshi bolıp "atalıq" ámeline iye bolıp, arab hám rus tillerin sawatlı meńgergen, Xiywa xanınıń atınan Orenburgke elshi bolıp barǵan shaxs. Ernazar atalıq xalıqtıń taǵdiri ushın Xiywa xanları menen tınısh-tatıw jasawdı, máselelerdi sóylesiw hám shártnama jolı menen sheshiwdi qollap-quwatlaǵan. Onıń segiz balası bolıp, olardıń hár biri el basqarıwda, islam jolın tutıwda yamasa xalıqqa járdemlesiwde óz múnásip ornına iye bolǵan.

Shıǵarmada bul tariyxıy tulǵalar menen birge, xalıq arasındaǵı Bawbek, Dáwlet pushıq sıyaqlı dána shaxslar haqqındaǵı ańızlar da berilgen. Mısalı, Bawbek atamızdıń ılaqtırǵan tası suwǵa batpay qalqıp shıqqanı ushın, xalıq arasında "Bawbektiń tasınday qalqıp" degen sóz dizbegi payda bolǵan. Dáwlet pushıq bolsa sózge sheshen, sawatlı hám "on eki bolıstı jolǵa qaratqan" tapqır jigit sıpatında kórsetiledi. Avtor sovet dáwirinde bul sıyaqlı biy, bay hám ulamalarǵa jaman at taǵılǵan bolsa, búgingi kúnde olardıń elge etken xızmetleri, atap aytqanda suwlandırıw sistemasın rawajlandırıwdaǵı (kanal qazıw) úlesleri qaytadan bahalanıp atırǵanın atap ótedi.

"Alasapıran jıllar" bólimi bolsa tariyxıy waqıyalardıń adamlar taǵdirine, ásirese ustalar hám diniy tulǵalarǵa kórsetken tásirin hám sol dáwirdegi jámiyetlik-siyasiy ózgerislerdi ashıp beredi. 1917-jılǵı húkimet almasıwı, aq patshanıń qulawı hám qızıllardıń keliwi menen baslanǵan qıyınshılıqlar Mámbetmurat usta sıyaqlı adamlardıń taǵdiri arqalı bayan etiledi. Keńes húkimeti ornaǵannan soń, baylardı, axun hám iyshanlardı "konfiska" etiw (múlkin tartıp alıw), olardı quwdalaw hám qamaw processleri baslanadı. Alawatdin iyshan qamaladı, Ismayıl hám Jangeldi iyshanlar qashıp ketiwge májbúr boladı.

1930-jılları baslanǵan kolxozlasıw bolsa xalıqtıń turmısın tiykarınan ózgertip, mal-múlkin tartıp alıw, ash-jalańash halında keshke shekem paxta, biyday egdiriw hám sarımay, jún, máyek planların tapsırıwdıń awırlıǵı adamlardı qıynaydı. Agentler úylerdegi kiyiz, quman sıyaqlı zatlarǵa shekem tartıp alǵan. Sol dáwirde Stalinniń súwreti yamasa atı haqqında abaysız aytılǵan sózler ushın da adamlardıń qamalıp ketkeni – sol zamannıń qáwipliligi hám haqıyqattı izlew jolındaǵı azaplardı kórsetedi.

Avtor sol dáwirdegi basshı Jalal haqqında da júdá tásirli toqtaydı. Ol 24 jıl dawamında Oymawıt awılına basshılıq etken, kommunist bola tura namazın taslamaǵan, spirtli ishimliklerdi ishpegen hám ashlıq jıllarında xalıqtı balıq awlawǵa shólkemlestirip, qorǵap qalǵan miyriban insan bolǵan. Pirmannıń 5 kg biyday bergeni ushın qamalıp, izsiz ketiwi bolsa sovet húkimetiniń ádalatsızlıǵınıń qurbanı bolǵan kóplegen adamlardıń bir mısallı. Bul bólimde ulıwma, tariyxıy waqıyalardıń hám siyasiy rejimin insan taǵdirine tiygizgen tásiri, soǵan qaramastan xalıqtıń ózligin, adamgershilik qádiriyatların saqlap qalǵanlıǵı joqarı kórkemlik penen súwretlengen.

Roman-esseniń "Urıs jılları" dep atalǵan bólimi ekinshi jer júzilik urıs dáwirinde Oymawıt awılı adamlarınıń basına túsken awır kúnlerdi, maydandaǵı erlikler menen tıldaǵı mashaqatlı miynetti kórkem bayanlaydı. Awıldan urısqa ketken jas jigitlerdiń taǵdiri, ásirese, 16 jasında urısqa atlanıp, Budapesht túbindegi qatal urıslarda ayaǵınan ayrılǵan Dáwletbay aǵanıń ómir jılı qıyınshılıqlar menen tolı. Sonday-aq, Joldasbay Qálimbetovtıń Dnepr dáryası boyındaǵı urıslarda 23 fashistti joq etip, "Dańq" ordeni menen marapatlanıwı, onıń nemeclerdiń dzotın aqıllılıq menen joq etiw epizodları xalıqtıń urıs maydanındaǵı erligin kórsetedi.

Urısqa ketkenlerdiń ornın toltırıw ushın awılda qalǵan ǵarrı-qurtańlar, hayallar hám jas óspirimlerdiń miyneti bolsa urıs jıllarındaǵı tıldıń shınlıǵın ańlatadı. Jaslardı kásipke úyretiw maqsetinde FZO-ǵa jiberiw, olardıń ash-jalańash halda awır sharayatlarda islegeni, úyge qaytıp keliw jolındaǵı azap-aqıretleri "Seytmurat aǵanıń" estelikleri arqalı tereń ashıp berilgen. Awıl adamları kún kóris ushın toǵayǵa ań awlawǵa, kólden balıq tutıwǵa májbúr bolǵan. Usınday ańshılıq payıtında Ótewli jolbarısqa dus keliwi hám onnan qalay qutılǵanı haqqındaǵı ańızlar, awıl eginlerin qorǵaw jolındaǵı qızıqlı hám qáwipli waqıyalar (máselen, Mádiyar maqsınnıń dońız ornına adamdı atıp qoyıwı) urıs dáwiriniń tek ǵana qayǵılı emes, bálki kóp qırlı turmıslıq tájiriybelerdi óz ishine alǵanın kórsetedi.

"Dáslepki aǵartıwshılar" bóliminde bolsa Kegeyli rayonındaǵı "Andreev" mektebiniń qáliplesiwi, onda bilim alǵan jaslardıń taǵdiri hám aǵartıwshılıq jolındaǵı qıyınshılıqlar bayan etiledi. Bul mekteptiń ashılıw tariyxında Seytmurat Panaevtıń xızmeti zor bolıp, ol meshitti mektepke aylandırıw, ustalardı tartıp, kún-tún demey oqıw sharayatlardı jaratıw ushın raykom menen aytısqan. Urıs hám urıstan keyingi jıllarda oqıw sharayatlardıń dım awır bolǵanlıǵına qaramastan, oqıwshılar paxta teriwge, egin suwǵarıwǵa májbúr bolǵan bolsa da, bilimge degen umtılısı toqtamaǵan.

**Juwmaq.** Allambergen Dáwletmuratovtıń "Hár zamanǵa bir zaman" roman-essesi qaraqalpaq ádebiyatında roman-esse janrınıń tek ǵana tariyxıy waqıyalardı bayanlaw emes, sonıń menen birge milliy ótmishti tiklew, kórkem-hújjetli prozanı publicistikalıq ótkirlik penen birlestiriw hám insan hám jámiyet arasındaǵı quramalı qatnasıqlardı filosofiyalıq jaqtan úyreniw

qurali ekenligin dálilledi. Shıǵarma dástúriy prozadan zamanagóy roman-essege ótiw procesinde áhmiyetli buwın bolıp, janrdı mazmun hám strukturalıq-stilistikalıq jaqtan jańaladı.

Allambergen Dáwletmuratovtıń bul dóretpesin Tólepbergen Qayıpbergenovtıń "Qálbimniń qamusı" roman-essesi menen salıstırǵanda, janrlıq jaqtan uqsaslıqlar menen birge ózine tán ózgesheliklerdi kóriwge boladı. T. Qayıpbergenovtıń shıǵarmasında avtorlıq "Men" basım bolıp, shıǵarmanıń orayında avtordıń óz tulǵası hám onıń dóretiwshilik laboratoriyası turadı, bul bolsa onı kóbirek avtobiografiyalıq sıpattaǵı memuarlıq-esselik roman-essege jaqınlastıradı. Al A. Dáwletmuratovtıń "Hár zamanǵa bir zaman" shıǵarması kóbirek tariyxıy-hújjetli hám sociallıq-filosofiyalıq baǵdardaǵı roman-esse bolıp, onda avtorlıq "Men" qaharmanlarǵa hám xalıq taǵdirine qaratılǵan.

Kompoziciyalıq qurılısı jaǵınan da bul eki shıǵarma parıqlanadı:

"Qálbimniń qamusı" avtordıń ómiri menen baylanıslı xronologiyalıq hám temalıq baylanıslarǵa qurılǵan.

"Hár zamanǵa bir zaman" bolsa fragmentar, yaǵnıy "qısqa qatarlar" formasındaǵı temalıq bólimlerden ibarat bolıp, waqıyalardıń izbe-izliginen góre, hár bir epizodtıń filosofiyalıq mánisin ashıwǵa baǵdarlanǵan.

Sonday-aq, janrlıq elementlerdiń sintezine kelsek, A. Dáwletmuratovtıń shıǵarmasında folklorlıq elementler menen derekli memuarlıq epizodlardıń úlesi joqarıraq. "Qálbimniń qamusı"nda bolsa kórkem oy-tolǵawǵa hám jazıwshınıń ishki dúnyasına tereńirek kiretuǵın esselik usıl ústinlik etedi.

Ulıwma alǵanda, bul eki shıǵarma da qaraqalpaq roman-esse janrınıń rawajlanıwına úlken úles qosqan bolıp, olardıń janrlıq shegarası bir-birin tolıqtırıp turǵanı menen, atqarǵan funkciyaları hám bayanlaw usılları arqalı anıq parıqlanadı.

Allambergen Dáwletmuratovtıń "Hár zamanǵa bir zaman" roman-essesi ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq prozasınıń intellektuallıq kelbetin hám kórkemlik sheńberin keńeytken, janrǵa jańashıllıq alıp kelgen monumental dóretpe esaplanadı.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Дәўлетмуратов А. Ҳәр заманға бир заман. Роман-эссе. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2005, 380 бет.
2. Бахтин М. М. Проблемы поэтики Достоевского. (1963).
3. Lukacs, G. *Der historische Roman.* (1937).
4. Adorno, T. W. *Der Essay als Form.* (1958).